

Bilten pou Pwopriyetè yo - Avril 2022

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman an (Department of Housing Preservation and Development, HPD) bay detanzantan mizajou sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous ki disponib pou pwopriyetè rezidansyèl yo pou ede yo konfòme yo ak Antretyen Kòd Lojman Vil New York la, ak Lwa abitasyon Eta New York la sou Abitasyon Miltip ak lòt kòd ki enpòtan. Vizite [sit entènèt HPD a](#) pou ou fè lekti bilten sa a (ak ansyen bilten yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a ap fèt pou enfòmasyon sèlman epi se pa konsèy jiridik. Enfòmasyon sa a se pa yon deklarasyon konplè oswa final sou tout devwa pwopriyetè ak lokatè yo konsènan lwa ak règ ki gen rapò ak lojman nan Vil New York.

Pwochen Seminè sou entènèt:

Penti ki Baze sou Plon: Responsabilite Pwopriyetè a lè li ap fè Woulman Lokatè nan Apatman an

Jedi 28 avril 2022, 11:00 AM - 12:30 PM

Rejwenn nou pou yon apèsi sou kondisyon woulman pwopriyetè sou kesyon lokasyon anba lwa ak règleman sou penti ki baze sou plon nan Vil New York. Seminè sou entènèt sa a pral dekri kisa pwopriyetè bilding yo dwe fè lè kay la chanje lokatè. Nou pral kouvri de (2) kategori travay nan Woulman an – yon sèl fwa epi repete - ak ki lè yo fè chak. Sijè adisyonèl yo enkli chanjman ki sot pase nan règ penti ki baze sou plon nan Vil New York (New York City NYC) ki afekte kondisyon woulman ak fason pou byen dokimante travay woulman pou rete an konfòmite.

Lyen pou Enskri: <https://attendee.gotowebinar.com/register/8129893851326082831>

Klas Vityèl sou Jesyon Pwopriyete:

Jesyon Ensèk nuizib Entegre

Madi, 3 Me, 2022, 6:00 PM– 8:00 PM

Kijan yo idantifye, kontwòl ak anpeche san danje sourit, rat, ravèt ak pinèz nan anviwònman rezidansyèl yo. Pwopriyetè bilding rezidansyèl nan Vil New York yo oblije pran mezi pou kenbe bilding yo san sourit, rat, ravèt ak pinèz. Nan klas sa a, nou pral diskite sou responsabilite pwopriyetè a pou idantifye ak elimine ensèk nuizib, revize egzijans enspeksyon anyèl yo ak ki lè pou itilize yon kontraktè ki gen lisans.

Enskri davans pou reyinyon sa a:

<https://us06web.zoom.us/join/register/tZAlldO-grzgvGtWldutEQq7dJ9dvfjrlahSA>

Entwodiksyon Règleman Lwaye ak Tribinal Lojman

Madi 10 me 2022, 6:00 PM– 8:00 PM

Lwa sou kesyon Lwaye New York yo ofri anpil pwoteksyon pou lokatè ki nan lwaye ki estabilize ak kontwòl lwe apatman, ki gen ladan dwa pou renouvèlman lwaye ak limit sou ogmantasyon pri lwaye. Klas sa a pral ba ou yon apèsi sou dwa ou ak responsablite ou antanke pwopriyetè, ansanm ak konsèy sou fason pou rezoud konfli ak lokatè yo ak enfòmasyon sou tribinal lojman an.

Sijè ki kouvri yo:

- Fason pou respekte règleman lwaye New York yo
- Medyasyon pwopriyetè-lokatè
- Aksè, lè lokatè pa peye ak degèpisman annatant
- Kijan yo navige Tribinal Lojman an

Enskri davans pou reyinyon sa a:

<https://us06web.zoom.us/join/zoom/register/tZEud-2grT8qEtfMg7cyQtFVRdlF8nOap3LA>

Tisak Zouti pou Blding: *Gid pou Kondisyon Pwojè ak Konpreyansyon Manda OATH*

Madi 17 me 2022, 6:00 PM– 8:00 PM

Vin aprann kijan pou navige nan resous Depatman Blding yo sou Entènèt, tankou DOB NOW, Pèmi Konstriksyon, Sètifika Okipasyon (COB), ak Sistèm Enfòmasyon sou Blding (BIS). Kou sa a pral fèt tou pou pwopriyetè ki gen yon sitasyon OATH "ouvè" ki deja emèt pa yon enspektè DOB. Yo pral bay konsèy sou fason pou rezoud pwoblèm sa yo epi soumèt yon Sètifika Koreksyon akseptab bay Inite Ranfòsman Administratif Depatman Blding yo.

Enskri davans pou reyinyon sa a:

<https://us06web.zoom.us/join/zoom/register/tZcuf-mpqjwGdHk2lUChQEucQ-D3xYcPI7>

Fenèt Pwoteksyon yo Sove Lavi

Chak ane, jèn timoun yo pran chòk oswa yo mouri lè yo tonbe nan fenèt ki pa pwoteje. **Sa yo se lanmò ak chòk ki ka evite.** Pandan tanperati a ap monte epi fenèt yo ouvri, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la [Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH)], Administrasyon pou Sèvis Timoun yo [NYC Administration for Children's Services (ACS)], ak Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman [Department of Housing Preservation and Development (HPD)] ap ensite mèt kay, pwopriyetè ak lokatè pou yo pran aksyon pou anpeche fenèt tonbe. Pwoteksyon fenèt ki byen enstale yo ka anpeche timoun yo tonbe soti nan fenèt ki louvri. Nan ane 2021, nan nèf (9) fenèt tonbe, sèt (7) tonbe akòz pwoteksyon fenèt yo mal enstale, ak de (2) tonbe akòz enstalasyon inite èkondisyone (AC) ki pa kòrèk. Youn nan tonbe ki te fèt yo akòz move enstalasyon tanporè nan inite èkondisyone a te fatal. Nou ka evite yo tonbe. [Pwopriyetè](#) yo dwe konfòme yo ak egzijans pwoteksyon fenèt yo epi lokatè yo dwe fè pwopriyetè blding lan konnen lè yon timoun ki gen 10 an oswa pi piti ap viv oswa yo ap pran swen nan apatman an.

[Lwa 57 Lokal 2011](#) lan egzije pwopriyetè yo pou yo bay ak byen enstale pwoteksyon fenèt yo apwouve sou tout fenèt yo, ki gen ladan twalèt premye etaj ak fenèt ki ouvè sou yon balkon oswa yon teras nan yon apatman kote yon timoun ki gen 10 lane oswa pi piti abite, ak sou chak fenèt nan zòn komen, si genyen, nan blding sa yo. Eksepsyon nan lwa sa a se fenèt ki louvri sou yon eskalye sekou, ak fenèt ki nan premye etaj la ki oblije gen yon dezyèm pòt pou soti nan yon blding ladan gen eskalye sekou nan dezyèm etaj la ak piwo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou enstalasyon pwoteksyon fenèt yo pou diferan kalite fenèt, ale gade nan [Window Guards Landlord - NYC Health](#).

Lwa egzije tou pou pwopriyetè yo voye yon [Avi Anyèl](#) bay lokatè ki nan lojman miltip yo (edifis ki gen twa (3) oswa plis apatman) pou detèmine si pwoteksyon fenèt yo enpòtan. Fòm avètisman anyèl pwoteksyon fenèt la pou plizyè kay konbine avèk fòm avi anyèl pou penti ki gen plon ki obligatwa dapre Lwa lokal 1 2004 la. Gade bilten Fevriye 2022 a pou plis enfòmasyon sou Avi Anyèl la si ou poko fin ranpli pwosesis sa a.

Sètifikasyon vyolasyon Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) lè l sèvi avèk Legalizasyon elektwonik

[Legalizasyon elektwonik](#) HPD a gratis pou enskri ak itilize!

Ekonomize tan ak lajan ou!

Enfòme HPD imedyatman sou yon koreksyon nan yon vyolasyon oswa kondisyon echèk!

[Legalizasyon elektwonik](#) se yon aplikasyon sou Entènèt ki pèmèt pwopriyetè ak ajan ki anrejistre valabman pou yo sètifye vyolasyon Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Department of Housing Preservation and Development, HPD) ak mankman nan Estanda Kalite Lojman (Housing Quality Standards, HQS) yo sou Entènèt.

Anrejistreman Pwopriyete yon bilding dwe ajou, epi se sèlman pwopriyetè, ofisye oswa ajan yo nonmen ki elijib pou enskri pou Legalizasyon elektwonik. Enskripsyon an ap rete aktif pandan tout tan yon bilding rete valabman anrejistre. Tanpri sonje vyolasyon plon yo pa elijib pou legalizasyon elektwonik.

Apa fòm enskripsyon inisyal la, legalizasyon elektwonik se vrèman yon pwosesis san papye. Yon fwa HPD resevwa yon enskripsyon valab, yon pwopriyetè oswa yon ajan pral kapab Legalize elektwonikman vyolasyon imedyatman lè li senpleman konekte epi chwazi vyolasyon yo dwe sètifye (antre menm enfòmasyon yo mande kounye a sou fòm sètifikasyon an papye).

Malgre HPD ap kontinye voye Avi Vyolasyon yo nan kourye lapòs epi aksepte fòm Koreksyon Vyolasyon yo soumèt sou papye. Legalizasyon elektwonik pral redwi itilizasyon papye epi ekonomize lajan sou lapòs, enprime, frè notè ak lòt frè administratif.

Pou kòmanse, ou ap bezwen premyeman kreye yon kont itilizatè HPD. Kont sa a pral pèmèt ou jwenn aksè nan lòt sèvis HPD ofri tou.

Resous

- [Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ou enskri](#)
- [Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ou Legalize elektwonikman](#)

Kontak

Si ou gen kesyon sou pwosesis Legalizasyon elektwonik lan oswa si ou gen difikilte teknik ak Legalizasyon elektwonik lan, ou ka kontakte HPD nan ecertadmin@hpd.nyc.gov oswa rele nan (212) 863-5414. Pou jwenn yon aplikasyon pou anile Enskripsyon Legalizasyon anliy, tanpri imèl HPD nan [eCertadmin@hpd.nyc.gov](mailto:ecertadmin@hpd.nyc.gov) oswa rele HPD nan (212) 863-5414. Tanpri enkli vilaj la ak adrès pwopriyete ki enskri a nan imèl ou a oswa mesaj tèks ou an. Se sèlman yon moun ki nan lis kòm yon pati responsab, oswa pwopriyetè endividyèl ki ka anile yon Enskripsyon Legalizasyon elektwonik.

Enskripsyon Renouvèlman Anyèl NYS Homes and Community (NYS Homes and Community Renewal Annual Registration, HCR)

Lwa Eta New York egzije pou pwopriyetè lojman yo pran mezi pou ranpli anrejistremman apatman yo nan New York Homes and Community Renewal (HCR) epi bay chak lokatè ki nan okipasyon yon kopi anrejistremman an ki konsène inite lokatè a.

Enfòmasyon sou enskripsyon anyèl yo refilete enfòmasyon sou apatman an pou enskripsyon 1ye avril ane an epi yo soumèt atravè sistèm anliy Aplikasyon pou Règleman Lwaye Pwopriyetè yo (ORRA).

Pwopriyetè bilding ki reglemante lwaye ki pa anrejistre nan Biwo Administrasyon Lwaye ([Office of Rent Administration, HCR) a ap bezwen ranpli yon enskripsyon inisyal soumisyon enfòmasyon sou papye epi soumèt anrejistremman ki aplikab pou ane enskripsyon bilding lan te vin benefisye Estabilizasyon Lwaye. Anjeneral, bilding nan fèk konstwi epi li fèk benefisye Estabilizasyon Lwaye akòz li resevwa Benefis Taks 421-A ak/oswa yon Akò Regilatwa NYC.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, tanpri al gade nan www.hcr.ny.gov/rent-registration.